Muwah hing hamawi pamirahos, hajana pinarcayan, yadyan sanaka, bapaha, hanaka, yadyan panglampaha, Jejenenga, Jaksaha, ratuha, mantriya. Hajana binedakaken, yen bener, den beneraken, yen salah den salahaken, yen linyok rawuh trapena, sahujaring kotara. Samalihipun, yadyan panditaha, yen, linyoka, sinalokan, Dura Sambawa haran, Tegesing dura, adoh, sambawa, sato, haja hujar Janma.

Muwah yenana wong ngapadu maring sira, haja gupuh handadosaken huningakena rihin. Kalah menangipun, mapan kang kalah samilan pejah, kang menang samilan kalah. Yen kengang pinahut, hanuten katataha, hing samodananipun, den kadi ki hundagi hakarya bale, sampun kaliru papasangane, den bener tatrape, dene salahing Hyang, mapanaraka, hangiling-ngilinging sira, dena patut lan wirasaning sastra.

Muwah kawruhana lampahing Jati pati, sarasaning awyawahara. Hakaryaha, hawakaning duta, hangilangena pugung, hategaha hing Hyang. Mangka karana sastra, karane tan manggiya papa. Sarasaning hayawahara, mapan sira kadi guritwesi, hamalerana hikang tan bener, kadi dantaning liman, kadi baskara medal. Lwiring hamiweka karya, lwir pastika hing twas hakehira denira nguningani, twasing hawyawahara. Dene tan sinung meteya, hing hamawikitya.

## **LWIRE HAMIWEKA KARYA KANG WENANG KALAHAKENA**

Muwah lwirting hamiweka karya, sampun korup denira nrapaken pradata, sampun korup prenahipun, lan hanutta sasaning Sastra. Titi pranahaning bukti, ngwang hingilikiti, manahing dewagama, hing agaman, Agama haran. Wiyosing sastra, Adigamahan. Tatranira sang hamawi rat, dewagama haran. Kajatinipun pacoran, bukti haranika. Pasrahing likita, haraning kang Surat.

Muwah kang tan wenang lampahana, lwiring hamiweka karya. Sampun kalaning henjing, tannasring tiningalan. Sampun kala tangange bener, tanayun pan sba. Dene keh tata titinira. Manawa hana hucap-hucapan, hurip-hurip hulamandi, hurip dene buntute. Manawa kang kalah olih saksi, hulih lari, holih bukti. Kang muni hing salaran, karihin

dinanipun. ping kalih sasihipun. ping tiga saksinipun. ping pat tatunipun. ping lima sasangkalanipun. ping nem masanipun. Hinggih kantenana hing kengangipun. lan tan kengangipun. manawi kalebeting kalingga nata. kanata lina. kadasa warsa. mangka hingapotang. hahutang. den sami halalayangan. karanten tan manggiya wirahos.

Muwah kawruhana kang wenang kalahena. denira sang drameng papati, sira sang jati pati Yen wonten kalebeting panca prakocapa. Punika lwirepun, purusahowa silanya. howah pangucapnya. howah giryanya. howah lakeananya. howah haturnya. punika lwirepun, panca prakopa haran. kang kengang kalahena. Muwah husta. howah-howah pangucape. hamet gingering hujar. Muwah rya wacana. tegese hasring linyok pangucape, muwah suksma wacana, tegese hanyotok palakerta. Muwah pancaraksi, tegese tanayun kasoran hing pawicanten. Muwah bahuraksa. tegesp hanguwati hing ngapaben. Muwah driyoraksa. tegese hasring hanahura palakarta. Muwah tri sabda, tegese haliyanaken hujaring palakarta. Muwah denda pati, tegese hawadiya, desa kang ngabangga, haku hamusuh- Muwah suksmadiya saruwisanu, tegese hamedal pasilan karta. Muwah panca hupaya, tegese hangangge kawisayan, sarta hangaku yen hadrebe. yen kinen hamiyosaken, dena wartaken darkening lyan. Muwah tradesti, tegese hingaran hangesahaken rabining lyan. Muwah dusta marupa sadu, tegese hapa tan dateng karta, kalam ara, hangingu rambut panjang ngagembal. Yen sampun dados wicanten, haparan kadi satriya. Punika lwirepun, sabda kang wenang den kalahen.

## KANG TAN WENANG JINANTURE TUTUR

Muwah kang tan wenang jinanturing tutur, haraning watang, tan pantes yen kajantura. warnaning watang, lanang wadona, hujaring watang, kehing watang, karane watang tan pantes yen kajantura. hupamane wahosing hayuda, karane watang tan kengang kajanturing tutur, hiya manawa bubuken. Manawa cendek tuna pamatange, manawa hala wahose. Howah puruge, tan kukuh seserite, temahipun dadi paguyon. Wonten dene watang kang pantes jinanturing tutur, haraning sakasi, pagawening saksi, giryaning saksi. Muhung ngature kewala, lanana huninga, hatawa hamiharsa, beda kalawan watang kengang yen

kajantura. saksi karane wenang Jinanturing tutur. Dening saksi hupamane. humbul-humbulin ngayuda. yen jumeneng humbul-humbule. menang prange. dening hapik palipik. hingayuda wacana. Manawa musuhira. handrebe pamaling kawasa. temahipun hilang tenggeraning hayuda. kalap dening duratmaka. Kang ngasedatan. temahnya kasya satya. lara pati kang den panggih.

## HAMRATAKEN PABEN

Muwah wong hamrataken paben, kang wenang hingantos. yen kang ngagegeringan, kapapaten, hanganti kang ngangeman, hanganti jajeneng, hangiring-ngiring kang lumurugan haji. Kala hingandikan dening ratu. Hangantiya karya tutur, yen nora kadi punika, wenang kalahena, dene panglampah dalem. Sarta kenya hing pasacangon. 500. sisih. yen tan miyosa, haran dana, kenya hing kalih wlasan. Yen si meneng pawicantenipun, haseyos pakantuking ngamegat.

Yen malih den kuwati dene guatine, kembulana mantri hakatah, sarta pangandikaning sang prabu. Yen sampun kapalaksana, hanuli pejahana dening sang prabu, hikang nganguwahi punika. Hutawi yen kawadeya, wenang kawiji-wijiya, hanak somahipun. Sinalokan raja wisuna karta haran. Kang ngapdu rawuh trapena, tan laraha, dene rehing kawula, mangsa tan miyosa, yen den kona dene gustine. Muhung kenya hing denda. 2.400. yadyan satanaha, wong gawaha, luluraha, hagung ngalita, rawuh trapena kadi punika.

## BANGSA SARILANG

Punika kawruhana kang rilangyang. Tegesing rilangyang, nusoni sinusonan. Hutawi hora wenang harabi rare hiku, yen nusoni ping lima. Yenana nusoni ping tiga, hutawi ping pat, wenang ngarabi rare hiku, dudu rilat harane. Hutawi hana, sanake rare hiku, kang durung sinusonan, maka hiya hiku halal nikahe. Hutawi-kang haram nikahe, kang nganusoni, ping lima- pinisahaken rare hiku, lan denda. 15.000 Hora wenang halaki harabi rare hiku, yenna rabi rawuh trapena.

## BANGSA MUSAHARAH HANAGIH PIYUTANG

Muwah punika kang haram Saking hakawin. Rabining kaki. lan rabining bapa. lan rabining hanak. lan rabining putu. lan sanake dulur. lan haram hiya hing hanake kawalon. lan haram hangalapdo. Tegese hamamaru sanake sadulur. hutawi misane. lan haram hamamaru lan bibi saking bapa. hutawil bibi saking babu, hatawa hantukira hatuku. wong wadon roro sanak. denanggo rabi sakarone. maka haram nikahe. sakehe hiku hingaran bangsa inusaharah, haranya.

Yen kita hanglakokaken. wenang pinaten, karena laranganing Nabi. Hanaki Nabi Adam, hangtabi kalawan sanake sadulur. Nabi Noh hawenangaken, hangemban bibi saking bapa, hutawi sanaking babu, Nabi Ibrahim hawenanaaken sajeric lawuh hing jro masjid. Nabi. Hiyakub hangalapdo, wenang ngamamaru kalangan sanake sadulur. Abdullah hangemban kaponakan, saking wali. Maka jumeneng Rasullullah. Kang sinung salamet dening Allah. Hangandika Rasullullah saling ngalim, heh humatingsun, sun cegahaken kang bangsa musaharah, lan bangsa sarilang hiku. Lanna nginum sajeng lalawuh hing jro masjid. Sing sapa muhalapah hing Nabi Rasullullah, halehi wasalam, maka wenang pinaten. Wus salami-lami ahire jaman. saking sih hira sang prabu hing kawula nira, dinadosaken danda 15.000. Nanging Kuhma Pinaten. Yen dinadosaken denda, maka pinisahaken hiya.

Punika lwiring wong nganagih piyutang, titir panaghipun. hanging mangkana huga sama.dosipun ya ta kang ngadrebe potang. hangidebi deti, salwir kang denalapa. yen tanna ngiring panglampah sang prabu.. Yen saking sukanipun. drebe mantuk, sakawit. Dening ngutangipun tan kawirasa malih, lan dendaha, 800. Hinawisse haranya. Yen mantuk karta padang, yogya drebe kang ngainbil punika, mantuk hanekel lan kadendaha. 400. Hambegal maya harannya.

Yen si ngiring panglampah sang prabu. yen si kirang pangalapipun, tan kengang hangalapa malih. Yen lewih wangsulanna tanna denda. Kundang liman haran



## **PADU HAMBAKTA SAKSI PADU HAMBAKTA ROROWANG**

Muwahlwire wong ngapadu, hambakta saksi hingaranan hambatahhi. Sinalokan Saksi mitra muluking gagana. swaranipun hajrit, tanaganipun kadi hamejahi. Yenna ngungkuhi, nagara tiba tura ngemasi. Mangke katon sapolahe kabeh, mapan mati tan winisaya punika lwirepun wong ngambatah, handap tanpa ngucap.

Muwah hana wong ngapadu, hambakta rorowange, hamarani patakenan, hanuli ngucap kiyai Jaksa, heh batura padu, para kawruhana kekeran mara. Manawa para kabobotan, hagung ngalit, para wawarahi, kongkonan mara, lan parahing sawiji, sowang, ya ta sanulik seh, hangiring dene kang ngapradata kalih, salah tunggal sumimpanga, yen tanna pamit maring kang den niring. Yadyan kawratana gungngalit, hangalapa nageri hing marga. Yen sampun rawuh hing pamirawos, yogyala kalahenan hamutung rakitan haran.

Muwah hana wong ngapadu, kang sasisih hanganggo kawisayan, hali-hali den nekum, hanuli, kawon mungsuhipun, yata den kawruha, dene punika kawon, yen musuhipun hangangge kawisayan. Hanuli hangucap kang kawon punika, Kyai sampun hage handika, sebit langyang pacoran puniku, musuh kawula hangangge kawi. Sayan. Hali-hali den nekum, ya ta den pariksa, nyata yen kawisayan, paksining kaduhura misaya. Punika kinahonaken, hanyingkengang hatangkep malih, yen sampun pepekanipun, hanuli halapena kawisayane. Yen si ya ngaku, yen kawisayan. Tan kena hatangkep malih. Tuwu corah sabdane hamrih kandel.

Muwah hana wong ngapadu, malebet dateng dewagama, ya ta dinadosaken silurup. Kang sasisih hora gelem masikurup, kalahena punika. Katri desti haran- Kari-kari gelema, silurup, kalahena, kapanca hupaya haran.

## **WONG KACORAN HANGANGGE KAWISAYAN**

Muwah hand wong ngapacoran, den lebetakena silurup. Sampun pareng malebeti, toya, sami sajroning balabar. Yen, pareng budal, popögen. Yen pareng budal, kang sasisih miyos sajawining balabar.

Kalahena kang jawi. Yen pareng budal, kang sasisih hatilar pugeran. kalahena kang ngatilar. Yen pareng budal, kang sasisih hatilar loyo. Yen pareng budal, kang sasisih Pejah, kang sasisih mutah gatih, kalah kang pejah. Yen pareng budal jangkeping kalih, tanana kang babada, tanana kadi kang kocap wahu punika, puniks yogya, sapihen. Yen si pareng pejah, pareng mudal, **bunuhena tan** wonten kanton. Sinalokan naga pralina kalih hangrebut mangsa.

## **WONG NGAPADU WUS TINITI NULI TRAWALIHING JAKSA**

Muwah hana wong ngapadu, sampun tiniti tala, nehra, kang sasisih hagrawali dateng jaksa. Muwah yenna sungunga. Yenna ngundang-ngundanga. Kiyai jaksa, tanana panampik hipun. Sampuni dados wicanten. Musuhipun kawon. Kang tan mara punika yata hangucap kang kawon puniko kiyai jaksa pantes yen kawula kawon, musuh kawula hasabakarta. Punika yen satuhunipun, hasaba palakarta yogya yen kalahena. Yen wengi dosa, pati. Denda 5.000 yen rahina, den mamaling Denda 3.000, kang ngapaseren pakantuke. 1.500 sinalokan maling sopana maya sakarohita haran, yen malih tan kalawan nyatanipun, krata sinaba hing ngapadu, yogya katrapa satohing ngapadu, hamutung, sinalokan dusta maya sakarahita haran.

Mapan wonten hucap-hucupane, hajembar hikang ngalam, hati yukti kang langit, mapanna Jembar wiwikaning durjana, wulune salemba dadi hupaya. Sahujare corah nora kandel.

## **TINGKAHING HANDANG WICARA**

Dan warnanen pawuwuse kang ngamahosi, hanging hapaksawala. Hasalin tataning kotara, tataning praja, niscaya patutta lan Suraja Surya Alam, lan suraja niti, lan Suraja kapa-kapa. Muwah handangira tuwan haji, lwir tranging baruna baskara kembar, dening hamiharsa kara karaning radya. Dene tanana rentenge balanira, sanagara tanpa busana tanpa baksana, wong tani mangkana huga. Den sami wruh hing niti radya, ciptaning wadya, kadi wewehing kusuma basanta, hamiharsa sagrahing kartini. Lan trana trani halungakena semin, kaget pangatagi warsa kapat. Dene meh tiba kang jawuh, wong sadaya hegar tyas hira.

hadana prabotipun, tan wontenna hayun kasoran. Garu wulukunira sumadya, kudi paculira cumawis. Tumuluh hana sambong, galenganira sampuna penet, karane haringa toyanipun. Tatanimane mangke sami dados. Heh rowang sadaya, manawi sira kakirangan sraya, hanjaluka saraya maring kang ngakatah, prabot hipun. Manawa katibaning jawun, haja sira kari lan wong ngakeh. Yen si katrangan Jawuh, yakti winihira nora tuwuh, tur linuding kirang bukti. Hutawi sira yen kataken musuh, paran polahira, yakti hilang kang tigang prakara. Dihin winihira, ping kalih beyanira, ping tiga karyanira. Yakti sariranira dinenda kawlasayun. Punika sasmitaning wong ngapadu, sami wicantena hing kayunipun. Mangke sun kerdinana, hanut nagaraning kang miskin. Denda.14.000. Dinadosaken.15.000. Denda 50.000/Dinadosaken.5.000. Denda.8.500. Dinadosaken.7.200. Dendaning hamamaling rahina.24.000. Dinadosaken.3.000. Denda.24.000. Dinadosaken.2.000. Denda.40.000. Dinadosaken.4.000. Dinadosaken pah 00. Punika katrapping sukaraja, dening kawulaning wong miskiningsdaya. Sinalokan nalendra sihing ngina nista haran.

## **WONG NGAPABEN DATENG PALAKARTA WONG NGAPABEN**

Muwah wonten wong ngapaben dateng palakarta, karta sampunna susuratan, sawirahosing hapaben. Hiriku sang dem premanem, tanna miyosi samados, hapapatutan wong kalih-kalih. Yen kadi punika, yoga trapana kalih. Punika hatrapaning krata 2 000. Hamepet pasumbar haran. Muwah hana wong ngapaben neher kang ngamalakreta hamatut. Kang ngapaben tan kena pinatut. Mapan sami panurunipun. Sampuning kadi punika, hamiyosaken samodana, rong ngatus sisih. Hanuli kinen mantuka kalih hipun, yen rawuh hing girya hapapatutana wong kakalih, tan wonten miyosi samados. Punika yoga katrapa kalih, sapaliha jeneng krata. 1.000. Sinalokan hangrusak taba haran.

## **WONG NGAPATAN WONG DUDUK KAPUS KAPENDEM PRANITI**

Muwah hana wong ngapatan dateng krata, saha tutur baya gade, krata derengnga nata. Yen mangkana Salah satunggil, kalahena. Sami

lan kasigugu haran. Yen mara wong kakalih, rawuh hing giryu, hapapatutan. Yogya trapana kalih, rong ngatus sisih. Sinalokan hangluhuri tata haran.

Muwah hana wong ngapaben, saha beya gade. Sampun kagadehan dening karta. Yen salah sawiji tan miyosi samados. Yogya yen kalahena. Yen malih tanna miyosi kalih, yogya trapena kalih, tatrapaning karta.2.000. Sinalokan hanir karta hamungwang tata, haran. Hanging kengang tanna tangkeppa malih. Sami lan kasigugu haran

Muwah hana wong ngapaben, hamarani patakenan. Karta sampuna balabari, sampuna suburatan. Yen mangkana sami lan kasigugu haran. Hangingkengang hatangkep malih Yen sampuna srah-srah pakawon.

Punika lwirepun wong ngaduduk hapus kapendem, yen tan wonten hangrahasi, jangkep satahun, sirna tan kawicanten malih. Yen malih hamalajengaken paben, hamalajengaken desa hangungsi jajaniripun. Punika yen datenga, kengang ngucapen malih. Yadyan kanata lingga, kalingga nata, yen mantuking nagaranipun malih, kengang yen hucapena malih. Sinalokan coran hatilar tapak jero haran.

Lan malih hipun, sampuna tampi gade, yen derenga tampi tutur. Sampun nage hatutur, yen dereng pangringa. Hewuh denira hamegat karya, sampun hage pamirahos, yen dereng kariyan kang wirahos. Hucap-hucapan, sampun lumampah kasalantara. Dadi tibaning dosa. Dadi sangngaraning nagara. Sampun tanna ngangge praniti. Pranata. Tata. Titi: Prayatna. Lweripun praniti, hangraksa hula, pranata. Saluluwe. Tata. Kararaka. Titi betet. Prayatna. Kalarap. Praniti semut. Pranata lampah. Praniti sayap. Punika lwirepun kang tumrapping sarira, sadaya Punika. Tegese praniti, kang binukti. Pranata. Landeping grahita. Tata. Linggihira dena penet. Titi patakenira dene gemet. Lwirepun malih praniti, mantri kartini. Pranata. Kahum. Prayatna wong ngasawita. Punika lirepun sadaya, haja sira hamangan papanganan kang tan pangrasa. Sampuna ngangge kang ngora halus, sampun lumampah siti kang tan rata, sampuna nginum banyu kang ngora wening. Hiya hiku kang ngaran kartini. Mantri hangrakea hula, tegese mantri ltang ngaktar manggala. Tegese kartini kang ngaran bakti.

## **TRAPING RATU HAMATENING WONG WONG NGAMAMANGGIH**

Muwah traping sang prabu hamatени wong, sampunatabi, lan sajroning nagara. Sampun dados tampaning nagara. Den nyata pejahipun, kajenenga dene kang ngamanca lilima- Lan dene bener patine, sampun karihin patine, kantung rarahosipun. Sampun hambanda, hajarahi, yen dereng karahosan.

Muwah wonten wong ngamamanggih, kalanipun ngalap tanana huninga. Kadi ta wonten wong ngadus, babaktani pun den hilir peni, neher wonten rawuh, haningali babaktan. Ya ta hanuli depun nalap. Sampuning kesah, hanuli wonten wong rawuh malih, hanuli sira hadus, ya ta kang drebe babaktan, kantung punika wangsul. Neher kapanggih hikang hadus kantung punika, punika, lampahing tidrasa, hanging marerehena, kawan puluh dina, yen tan kapanggih, matepa kang ngadusa ngileni sakawit.

## **MUWAH HANA WONG PEJAH**

Muwah wonten wong pejah, den nalap gagamanipun dene wong liyan. Hanuli wonten wong rawuh malih. Yadyan nestu waneha saksi. Yen babaktan sampun hical, karihin, tan dados dene hasaksi. Yogya kawratan hing kang mangkana, hangileriana samulyaning pjah. Tanana denda.

## **MUWAH HANA DERBENING WONG KAMALIINGAN DERBE KAPANGGIH HING LULURUNG NGAGUNG**

Muwah hana drebening wong kamalingan, kapanggih hing lulurung ngagung, hatawa hing kubon pupungkuran. Sahenggone kapanggih, yen nuli depun halap, tan wonten huninga, kalaning ngangambil. Sampuni kabakta, hanuli den saksikaken, maring wong ngakatah. Punika yening pawicanten, datan padosa, hing saksinipun. Yogya kawratana, samulyaning kamalingan, sakawit. Katidarsa haranya.

## WONG KAHARGANING PANDUNG

Muwah hana wong kamarganing pandung, hing kubonipun, hing lulurungipun, hing pupungliuranipun. Yogya hangilenana sakawit. Lan kadendaha. Madya sahasa. 1.500.

## WONG PEJAH

Muwah hana wong pejah hing halas, hatawa hing tegal, hatawa ring prenahnya kapanggih, ya ta sami den pariksa, dene wong ngakatah. Neher wonten wong kapapak, sandangipun hing kang pjah. Tan wonten wong kapapak malih, hanging wong hiku huga, yen kadi punika, yogya katrapana sakawit, samulyaning pejah. Kamargabaya haran. Yen malih sahacina dene kapanggih, hatawa den hambil kang den hangge-hangge, yogya kawratana, hanikel Samulyaning pejah, hutama dendanya mahasa-hasa. 4.000. Hanggaskamarta haran.

## WONG PEJAH HING NGALAS GLAHAN DEN HALAP

Hana wong pejah hing halas, yen sami den pariksa, wonten kapapak sandingipun kang pejah, den pariksa kerisipun, wonten gethipun, punika jumeneng lokika, yogya hangilenana hamutung, lan kadenda 4.000. jumeneng yena nganggas haran.

## WONG PEJAH SANDINING RAGA WONG RARASAN LAN RARENING WONG

Hana wong pejah sandining raga, hing Sawah, hing kubon, prenahipun kapanggih, yata den pariksa, dene wong ngakatah, hing gone kang pejah, ya ta den takoni kang ngaduwe kubon, sanuripun boten huninga. Yen mangkana, yogya hangilenana hamutung, samulyaning pjah, lan denda madya sahasa 2.000.

Muwah hana wong rarasan lan rarening wong, tan kasat mata, dening wong ngakch, yen nantara sadina kalih dina, rare punika hanuli kesah, yen hastu den rarasan, yogya kawruhana sakawit, samulyaning migat, tanana denda. Baya wasi haranya.

## **WONG KEKERENGAN WONG NAKENANG HISIN HUMAH**

Muwah hana wong kekerengan, sampun ta sapih, yen hantara sadina, musuhipun kasudukan, yen kadi punika, salah tunggal, yogya kawratana samulyaning kasudukan. Kayogyabaya haranya. 10.000. Yen sisip pangarahipun, keniya hing panggiring kalih wlasan.

Muwah hana wong kekerengan, sampun sinapih, salah tunggal sasumbar, ya ta musuhipun hing dalu kasudukan, yen nyata denya hasusumbar, salwiring pangucap, yen kadi punika, jumeneng lokika, yogya hangilenana hamutung, mulyanipun 5.000. Yen tana pejah, hasunga patiban jampi 1.000. lan denda 2.000. yen pejah dendanipun 4.800. Karaga sasa haran.

Hana wong hararasan lan rarening wong, hantara sadina, kalih dina, ya ta kelangan kang ngadrebe girya, den rarasan tatan hisining humah, tan kasat mata dening wong ngakeh, yen dados wicanten, yogya kawratana, hing kang mangkana, prayoga yen kinen hangrereha. yen tan kapanggih, hangilenana sakawit, samulyane kang hical. tan denda. Bayawasita haranya, yen si sah hacina bukti. Yogya kawratana hamikel, lan denda hutana mahasa-hasa 2.000. Hingaranan baya sakarahita haran.

Hana wong maring humaki hing wong, kang ngadrebe girya kala sepi. Neher kang handerbe wisma, kecal-hecalan, tanana mara malih, hanging wong puniku. Yen kadi punika, yogya kawratana sakawit. samulyaning hical.

## **WONG NGAMBURU PANDUNC, WONG KELANGAN WONG NGASASAJAN**

Hana wong ngaburu pandung, ya ta hana wong kapanggih, sajawining lawang, hatawa hing babahan, henggene kapanggih, yen sahe cihna denya kapanggih, yogya hangilenana hamutung. yen kang ngadrebe kalonglongan, sami lan hantuk maling pakantuk hipun 400. Punika dendanipun, maling kagarantaka haranya.

Muwah hana. wong kelang-helangan. hana sanggup hangruruh. hanging hamalaku hebang-hebang. Hanulih den Sunyi dene kecalan. Nehera lami-lami, den wangsulaken pasungsung punika. Hawadihipun boya keni, boya harawah, hatawa lali, hatawa haluh, salwira pada. yen kadi punika, yogya pasungsung punika mantuka hamutung. Derbe kang wical, hangilenana sakawit. lan kadendaha 2.000. Jenenging pawicanten, tidarsa lokika, sinalokan tekek mati dening ngulone.

Hana wong ngasasajan kaladalu, hatawa liwat basahos, mapan liwating masa. Lisen hangundang-ngundang, salwir libenipun, ya ta kang depun parani punika, kamalingan, hatawa kasudukan. Punika yen hastu denya mayangi, yogya kawatana hamutung. samulyane drebe hical, samulyane kasudukan, lan kadendaha. 2.000. Jeneng hipun lokika, sinalokan maling sopa maya haranya.

## **WONG KAMALINGAN WONG SINUDUK TANPA DOSA**

Muwah hana wong hakasayaban salwir wontena kang kapanggih, yen rawuh hing pamirahos, lokika jenengipun. Hangantukena hamutung. samulyakana kang ngical, lan dendaha 3.000. Hingaranan hangangge tahi habong.

Hana wong linokikahaken, lwiripun wonten wong kakerengan, sampun sami sanipih, ya ta kang sasisih hayangi wagra. Punika yogya hangilenana hamutung, samulyanipun. drebe hical. yen sampuna srah gade rereha, kawandasa dalu. Len malih kadi punika, cinoran panglalampah. yen kena hing sor, jumeneng lokika, yen luputing sor, tidarsa haran. Denda. 800.

Hana wong kalah hingaran lokika, kari-kari hamamaling, haningar, hambegai, hangental, hanayap salwir pakratiya, yen corah, yen kadi punika. jumeneng hestunipun, mantepa hasrah pakawon. 2.000.

Hana wong sinuduk tanpa dosa, kalaning dalu, sinuduk tanpa sah, sinuduk luput. Yogya hasunga pasumangar 500. yena kanin, hasunga patiban jampai 1.000. Yen cuda, lan dendaha. 4.000. Yen mati sungana samulyanipun hanikel, lan denda 4.000. Maling ngatma haran.



## **WONG NGATILAR GRIYA KALA DALU MALING TAN POLIH**

Hana wong hatilar girya, kalani dalu, haturu hing tatanggane hahumah. ya ta girya kang katilar punika, depun kardi parerenaning pandung punika yen nestu denya tilar. Sakehing derbe kang ngical, hangilenana hamutung, Samulening kapatidungan, lan denda 2.000, Katiban tahi habong haran. Hanginga marereh hing kawan dasa dalu, yen tan kapanggih, yogya denda.

Hana wong ngamamaling, dereng ningrantuk hanuli kasikep dene kang ngaderbe wisma. Dendaning maling tan pantuk 2 000. Maling pantara tanpa laba haran.

Hana histri lumaksana hamamaling, sam cihna, denya mamaling, punika antukipun. Yogya mantuk hanekel, lan kadendaha 2.000 Maling Nganjani haran.

## **HISTRI KESAH KALA DALU HAMBURU MALING MALING TEMON**

Hana histri kesah kalaning dalu, hamarani tatanggane hing girya. Jenengipun kang ngaderbe girya, pinaraning dalu, hingaran kalebeting maling kara haran. Dendanipun kang pinaran giryane dalu 2.000. Patuku wiranging lakine yah 00. Yen histri punika, kawenangan miyos hing jro humah, patuku wiranging laki 1.800, lan denda 4.400, sinolakan. Handaka hangumbar sarira tan wringbaya haran.

Hana wong ngamburu maling, hanutaken maring banjar lulurung, sarwi hanguwuh-huwuh, hanjalult tulong. Hanging tanana hamiyosi. Ya ta kang ngamburu maling, saha cihna denya hamburu. Pinika yening pamirahos, takenana kang ngadrebe banjar, lulurung, hapan nora hametoni Sahuripun boya miharsa manira, hapan lali hatura, yogya ngandapena sakawit, saha jineng kang pejah, tanana denda. Kaget kapiyantu haran. Yen malih kadi, punika, sahuripun hamiharsa manira, hajrih hamiyosena. Hatawa hujure kang sawiji, dene kaya-kaya pamiharsa manira, manira lagi halangi. Yen mangkana, sami

kaputungena, samulyaning kang pejah, dan sang prabu sami kadenda.3.000. Sowang. Kaget kapepengan haran.

Hana handalih maling temon, hana handalih maling katuridan. Hana handalih malupa humah. Hana handalih malinggarep. Hana handalih maling sabda. Hana handalih maling kabunan. Handalih maling tita. Handalih maling saji. Handalih maling nganjani Handalih maling hantimpuh. Punika lwripun sadaya. Yen sah hacihna. Bukti denda 2.000. Yen tan hantuk pandalihipun, yogya denda, winalika sadya.

## HANAYAP

Ngiwat, punika yogya mantuka nekel, babaktanipun pan mangkana hugi. Yen den singid kadendaha.5.000. Yen den hadol. Denda.10.000. Yen si gagawan maksih hikang den hiwat, tan kengang mantuka hamutung. Mutunga kang kiwat kewala.

Hana wong ngasi ngidaken, dereng ngulih paben. Saha cihna den singidaken. Punika jeneng yena ngiwat, yogya mantuka mutung. Denda.50.000.

## DEN NGIWAT DEN SUNGSUNGAKEN

Hana wong ngangiwat, den sungsungaken Sami kawula corah, den rereha nuli kapanggih, neher wonten titiyang seyo sapaduluran, hanuli mlajeng ngangiwat, ya ta ciptane kang ngadrebe titiyang kawat, mangsa duduwa hiki kang ngagawa, hanulih depun tumbak, pejah. Punika hing pawicanten, tan kawi cantena hikang pejah, sinalokan kamarga baya haran. Dene tanana pakartine kang mangkana. Yen malih kasambat dene kang kawat, yogya saha hana somah hipun, kang ngangiwat mantuking dalem, yenana gustine, yogya denda. 10.000.

Hana wong ngangiwat, lagi sasamayan, ya ta titiyang punika, hangadanging pasangket. Halami tanana rawuh, hikang ngangiwat, ya ta rawuh hikang ngarereh, hanuli depun takeni. Hapa gawenira haneng kene, sahire manira sasamayan, kalawa ki hanu, punika yening pawicanten. Yen sah cihna kang sinambat dening kiwat, yogya hangantukena hanekel. lan denda 5.000. Hangiwat Kawanguran Haran.

## HANA WONG GAWA SANAKE SOMAH

Hana wong nganggawe sanakke somahan, hanging sanake katitihan hutang, dene titiyangseyos. Punika yenning pawicanten, yen tan wonten kramanipun, dateng kang ngaderbe wotang, yen dateng depun wasa, yogya hangantukena hamutung, lan denda.2.000. Hanginggataken harannya.

## WONG MIGAT

Hana wong migat, dene rereh kapanggih, hing dura nagara, den wicanten boya keni, keni srata depun tibasi. Sawotang hipun hinggatan, yen sampun dados wicanten, yogya yen kawicantena, wotang karihin, lan potang kang kantun. Yogya yen sami matuk hanekel, wotang kang kantun mantuka sakawit. Dening dendanipun.4.800. Sinalokan hadwipala wikriya.

## WONG MIGAT

## WONG MIGAT

## YEN KANG NGANGIWAT MALAJENG

Hana wong migat, kapanggih hing dura negara. Depun tigasi, tanasung, depun tiba watang tanasung, yen kadi punika, yogya kasuratana dene kang ngamawi karya, hing ngarsanipun hing ngatanda, hamanca negara, hapanglampah hamanca nagara, darepon ecaha, hing bengang pawicantenipun. Kang sinurat karihin prenahipun kang kapanggih, lan hujaring kawat, lan hujare kang ngangiwat, lan padol patumbasipun, lan kang nguninga kalane winade, lan giryanipun kang ngangiwat. Yen sampun kadi punika, kabaktaha mantuk, surat punika, kasrahena hing panglampah dalem. Panmglampah dalem kang hamiyosana, dateng kang depun ratang. Yen sampun miyos kang depun wastani, haleresing pamatangipun, yen kadi punika, yogya hangantukena hamutung. Lan kadendaha. 4.800. Yen Lang ngangiwat malajeng, sampuh ta kaseren hing gustinipun, hatawa henggene kumuhum. Punika yogya kawratana, kang ngangileni kang malajeng, sinalokan kidang kari alase haran.

Hana wong migat kapanggih hing kukubonan pupungkuraning girya, prenahipun kapanggih. Den takeni, yen deniwat dening wong.

hanuten depun bakta dateng palakarta. karta hataken dateng punang kaliwat. sampun kasuratan paturunipun. Surat kagadehan dene jejeneng dalem, watang binakta mantuk. dene kang ngadrebe. sampuning kadi punika, kang winatang datengaken. hanuntin katakenan dening karta. Ya ta sahuripun salaya kalawan tulis. Yen kadi punika, yogya kawalik sadya, kang ngangarah lan kang kadendaha.5.000. Hingaran watang bubuken

Hana wong migat, den Singidaken, hanunten kapanggih, dene kang ngadrebe, den takeni, yen deniwat dening wong, hanuli den takeni, deni palakarta, sapa harane kang ngangiwat maring sira.. Hinggih maling Saji, giryanipun hing jatijajar, hana parane humahe, marep ring ngendi lawange, lan. hapa panggawene, lan pira his ne humahe. Sahuripun punang migat, boya hidep manira, sawiji-wiji, yen kadi punika. Tan dadosa hing panambet hipun, yogya kawalik..... (tidak terbaca) hing sapangarahipun, sapangahoping watang, lan kadendaha 5.000. Sinalokan hamatang tuna haranya.

## WONG MIGAT

### WONG HIGAT WADE JAJAHANING MUSUH

Hana wong migat, den wade jajahaning musuh, halami-lami kaliwat malih. Kawade hing nagaranipun karihin. Hanu..... (tidak terbaca) papanggih dene kang ngadrebe wiwitan. Punika yening pawicanten, tan wenang yen dateng kahambila, dene hawarni dinol tinumbas. Yen si hayun katebasana karihin, sawawadenipun Sarta kasaksekena, dening palakarta. Hanebas watang haran. Yen hayuna wicanten, kagiringa kang ngangiwat karihin. Punika yen sampun kawicanten, yogya hangantukena hamutung- Pamutung punika ping kalih, patumbas karihin, lan patumbas kantun, dening denda satunggil. 48.000. Sinalokan muleh hangulehaken marga sadana haran.

Yen malih titiyan punika, mantuk tana warni dinol tinumbas. Hawarni mantuk kiwatan, kesahipun pan niwatan. Yen kadi punika, wenang depun hambila, sarwi hiringa dening jejeneng dalem. Hanjeneng hing pambedollipun. Titiyang punika. Woten dene henggonipun titiyang punika, kawicantena, hing padar petengipun, sinalokan kebo mulih kandange haran.

## WONG NGAMBENGI WONG MIGAT

Muwah hana wong ngangambengi wong migat. Yen sah hacihna, denya nyambengi, hatawa dene hanyrebat. Blah haji pakantukupun, yena hanyambengi sajroning kita, rongngatus titiyang satunggil. Yen sawijihing kita, patarigatus pakantukupun, yen lampahan sadawuh, pakantuke tigang ngatak. Yen kalih dawah, domas satunggil, yen satengange, sewu Sisih, salingsir kilen, tiga mas, yen sadina, kalih hewu, yen wonten blah haji, katunkipun. Yen kang migat hambabakta kalih w lasan, pakantukupun, yen tumut karebat, sapalih pakantukupun.

## WONG NGANELUH

Hana wong nganeluh, Hanraknyana, salwir panggaweya. Yena hanglarani, wenang yen tumpesena, hanak rabinipun, denya derbenipun jarahana. Punika dene bebeneran, kewala pangraksanira sang prabu, pejahana. Yen tan pejah kang tineluh, kawicantena leresipun.

Kadi ta wenten titiyang den ta katonakening dalu, tatanapi hanglarani, kewala. Punika tan wenang yen, patyanana, muhung kukuden kewala. Yen malih nityasa dene hanglarani, hamateni, punika pejahana. tan kinukud denda....( tidak terbaca) hara. Yen kinukud, sampun pinejehan, denda kalalu haran. Puniku leresing wong neluh, yen malih wong puniku, dineda, kinukud, pinejahan, denda pipila haran. Yen mangkana hina pangraksanira sang prabu. Mapan wonten salokane hing nit sastra. Kasaktining prabu pepepek bala gana catura. Tegese saktining ratu puniku, yanna drebe bala papat. Hakeh mantrine kang becik, samapta senjata, samapta turanggane, habener parantahe, hakukuh kutane. Dadi kinajrihan, dening sasamanira ratu. Yen sebenere wong neluh, yen kang tineluh pejah, kang neluh pejahana. Hanging tan kinukud, yen kang tineluh halara, kinen hanambanana. Yen warasa, kang neluh kesahen tundungen saking nagara, sampun jinaraha, yen titiyang kang depan tambani, punika pejah, punika hanuli pejahana, sampun kinukud.

## WONG NGANELUH HANDALIH WONG BISA NELUH

Muwah hana wong nganeluh, yen tanayuntia nambani, hanging kang tineluh, maksih halara- Punika salitana, yen wus waras huculena. Sampun jinarah, lan haja tinuridung. Yen malih den tambaning nora waras, tambakena dening wong lyan.. Yen sampun waras kang depun teluh, kang nganeluh srahena, maring kang nyanambani punika, Yen den kawulakena, yen den wadeya. Sinalokan, eka warka puting ngatuna.

Punika lwiripun, malili wong bisa neluh. Yenana wong ngagring, wong ngiku kang katon, hatawa katingalana mamendem. Yenana wong ngagring hangatonaken, wong waras tana ningali. Yen dene polahe hing dalu, yen sampuna ningali, hanuli hagrings, yen nugi dudu terething wong bisa geleh, tan wenang yen pejahena, hangjarahena kewala hingarana hanggeloni. Yen genep ping kalih, denya hanglarani, kambangan serta layang pacoran yen tan kambang, tan jinarah. Yogya hangantuk pakantuk, pangiling sawah. 1.000. Lan patuku wirang 500. Yen sampun mantuking nambang, hanuli katingalan malih, dene titiyang lyan. Yen mahgkana kajarahena, lan pejahena, sinalokan binuronaken haranya.

## WONG KINAMBANG ISTI HATUKAR

Punika yen si handalaih wong bisa neluh, hanging wong ngiku tanana terahe. Tanana cihthane. Tanana wong weruh. Mung hiya hugi handalaih. Yen kadi punika wenang sapacorana kalih. Yennana tan waniya hing cor, yogya katrapana, denda. 2.200. Mapan dewagam hambeneraken. Punika traping wong kinambang sinurenan ginelong cina, tangan sakurinenpus, dena temu lengen, tinarimpus lan wetenge. Layang pacoran mungguh hing gelung. Hubalubal watu wratsapaha. Sanakkipun sampun sinungnga ningala. Lan kajenengan dene para mutangalim.

Muwah lwiring sanggraha, kang ngantuk pasumengar hanikel. Yen binabayong dening kakung lan hatawa den buru keris, hatawa den suduk tan pasan, hatawan den suduk luput salah tunggala. Yen

kadi punika. yogya pasunga pasumengar hanikel. lan denda 4.800. Sanggrahi purusa haran.

Hana histri hatukar, sasaminya histri, kang jalu tumulung kalih. Ya ta seling suduk, yata pejah kalhipun. Yen kadi punika, tan kawicantena. Yen pejah salah tunggal, kang ngagesang ngasunga pangiling sawah. 1.000. lan denda. 4.000.

Hana histri hatukar, sasaminya histri, tumulung jalunipun kalih. Ya ta istri punika halong padem, punika yening pawicanten, jumeneng ngatukar, sami istri pakantuking jalu. 1.000. Denda. 2.000 Yena wuwujang rewangipun hatukar, pakantukipun. 800. Denda. 1.600.

### RARE HATUKER

Hana rare hatukar, sasaminya boncah, tumulung ramane sasisih, den pala musuh wehahanake, hatawa den jangkangaken, pakantuking boncah. Yen saluhuring tenggek. 800. Denda. 1.600. Yen hanake kang den tibani, hasta cempala. 500. Denda. 1000. Yen kang ngamala hanggawa sranya, kayu, watu, wika, yen bacar-bucur, pakolhipun. 1.000. Denda 2.000. Yen sami rare hatukar, yadyanna long ngapejah, hatawa kanin, hatawa cuda, tan kawicanten. Horana kakenan, dene rehira sami rare.

Hana rare hatukar, sasaminya boncah, tumulung raramane sasisih, den pala musuwe hanake. Yata hanuli pejah, pakantukipun kang pejah. 1.600. Denda 4.800. Sami lana nginganggas. Pangeling sawahning boncah, 1000 Pakolihing bapa 2.000. Yena marani maring griya. Hangng ngora ngunus duhung, pakantukipun 1.000. Yena ngawaken wong Iyan, hanibaning hasta cempala. Yogya sami hantuk pakantuk Sakehing kakenan, 500. Jumeneng yennamuk punggung. Yadyan tan kakenan. Yen sakehe kagegeran, sakehe hisine lumahe, kang den parani yogya sami, hantuk pakolihnya kang tan kakenan. 400. Yen boncah, satak pakolihnya. Denda. 4.400.

Hana rare hatukar, hamusu rare dewsa, ya ta rare kang dewasa punika kanin, tan kawicantena. Yen tumulung rare dewasa punika, raramanipun. Hanulih den pala musuwe hanake. Rare halit punika, yogya sungana pakantuk 500. Yens. kanin habung patiban jampi. 1.000.

yen denda. 1.500. Hatawa rare halit punika. hatawa raramane tumulung. hamala rare kang diwasa punika. Yen kadi punika. yoga denda kadi wahu punika.

### **ISTRI HATUKAR**

Hana istri hatukar. sasaminya istri. hangagem kayu watu salwir dennagem. Yena belahaken kulit, 500. Denda. 1.000. Yena belah daging. 1.000. Denda. 2.000. Yen cacad. 2.000. Denda. 4.000.

### **RERE DURUNG BISA HANABUT**

Hana rare boncah. durung bisa hanambut karya. hanggering wong ngahutang pangan. halami-lamine punika. rare boncah hikü. hagung duk wahune bisa hanambut karya. yennarep lungaha, saking hanggone hageng punika. yoga hangantuk pakantuk, hing kang nganggingoni. 1.000. Bakta dasa haranya. Kaya ta hanak yatim, lwir kadi mangkana huga.

### **WONG WADON MIGAT**

Hana kawula wadon migat saking gustine. Muwah hana kawulaning wong lyan, kawulaning minggat saking gustine, halami-lami kawula kang migat kalih, hatetemu hing pamingatan, yata ngalaki rabi pada migat. Yata halawas halakiyarabi, hakeh hanake wadon lanang. Hawlasan karuruh dene gustine. gustine kang lanang, gustine kang wadon sami haruruh. Yen kadi punika. kraman hipun hadum duman. ngadrebe kawula lanang, rong duman. Kang ngadrebe kawula wadon, saduman. Yen mati kang lunang. Kang ngadrebe kawula wadon, namet sandi nomahan sasuhun. Kang wadon mulih maring sustine. Yen kang wadon pejah, kan ngadrebe kawula lanang. nmat sonali homahan sarembat, kang lanang matuking sustine.

### **KAWULANING WONG DEN PALAMPAH HARABI LAN WONG TAN KAWULA**

Muwah hana kawulaningwong, den palampah dene wong tan kawula, nora den wehi dene gustine. karena kaunilane muhung wadon satunggil. Ya ta titiyang lanang punika, saking ngasrah karepe hing



wadon ptinika. hasrah pati maring guatine. Wong wadon punika, ya ta den parabekaken. Titiyang punika kalawan kawulane tumuttan ngawula maring gustine wadon punika. Yen kadi punika, sakehe hanake, lan darbenipun, kang hgadrebe kawula wadon hugi, kang wenang hangambil.

Muwah hana kawulaningwing. Lanang hutawi wadon, harabi lan wong tan kawula, hatawa harabi lan wong menak, hanakana katah, Yen kadi punika, kang ngadrebe kawula, kaduman, pancaduman. Kang menak kantuka kawan duman, kang ngadrebe kawula saduman, wong tan kawula, dinados kawan duman, kang tan kawula, hantuka pitung duman, kang ngadrebe kawula saduman. Mangkana darmanira sang prabu hing kawulanira.

## **WONG NGATITIP HING WONG BISA NELUH WONG NGATITIP WONG NGASASADAN**

Muwah hana wong hatitip hing wong bisa neluh, hatawi hing wong tanpa hanak kanak, durung den palaka titipane, hanuli pejah kang tanpa hanak kanak, kang bisa neluh pinejahan, kang titipan punika, tan kengang yen palakunen, hanumpanging pangaking haran.

Hana wong hatitip, hatawa wong ngasasandan, tunggal sahumah, henggone, sasandan lan titipaken. Yen pada rupane, titipan punika, lan sasandan, korup dene hangambil salah sawiji, tana denda hing mangkana. Yogya hangulahanan kewala. Yen den jaluk sasandan, korup pangasunge kang ngadrebe humah, yen dudu drebene dennalap, dne Lewih wranane, dennarep tumonning becikke, yen kadi punika, yogya kawratana kang ngangalap, denda 2.000. Lan derbe kang kalap nulya nikel.

Hana wong nganandak kebo sampi, yenna nandak, kanakking pasasandan, langkung saking tigang tahun, tanana panguningane kang ngadrebe kebo sampi. Ya ta genep patang tahun, kenganga nebaso, nanging godel punika lelep tan kawicaraha. Yen malih langkung saking limang tahun, tannana panguningane kang ngadarbe, Yogya lelebana sasandan punika, tan kawicanten malih.

Hana wong ngasasandan wawadah tembaga, yen kakuningan, yen slaka, hatawa wesi, yen langkung saking tigang tahun. Tanana panguningane kang ngaderbe wawadah. Yen kadi punika, Yogya kalebana sasandan punika. Tan kawicahara malih, kalidening tirta hagung haranya.

## **WONG HAPASANDA**

Hana wong pasasandan, kebo sampi, sawah, salwir kang den pasasandan, sampun denna sangi harta, dene kanggadanda Ya ta den pasasandan malih, kang sampun sinanda wahu punika. Yen kadi punika, mantepa pasasandan punika, hing kang ngadanda karihin, kanggadanda huri punika. 2.000.

## **HANA WONG DEN PINADAKAKEN DENING GUSTINE**

Hana kawulaning wong, wadon hatawa lanang, den pinandakaken dene Gustine. Ya ta hanyolong drebene kang ngadanda. Saking luwene, yen lewih saking pangaji satus, drebene kang ngadanda den paling hugi. Yen kadi punika, yogyanen patine kang sinanda. Dene kang ngananda kang nyandakaken corah harane. Patut kang nganyanda hanahur, sahutange sasandan punika, hingkang ngananda. Lan kang nganyanyanda hanahur patine kawulane. Yen wengi denya mamaling, denda 4.000. Yen rahina denya mamaling, denda 2.000. Yen malih sasandan punika. Hanunten hical. Dene kang sinanda, punika katempahana, samulya kang ning ngical. Yen malih kang nganyanda, tanana panguningane, hing kawulane kang sumanda. Yen lewih saking holung tahun, wenang lelep kang sinanda, pada hukuume lan wong den dol, tan kena wicanten malih.

## **WONG NGANUNGGONI PIYUTANG**

### **WONG PAKSA HAMBECIKI POMAHAN**

Hana wong nganuguni piyutang, hanggawe disaning sarira, hahulah karya hina, dudu lampahe. Ya ta den pisuh dene kang nganugoni, yen rabine den pish, wenang kang piyutang hamejahena. Hayen sah hacihna den mamisuh, kelangan harta kang den potang, kewala kang pejah tan kawicanten. Yen malih den laladani, rabine kang

den piyutang, hatawa hanake Yen sah hacihna, karya jinah, wenang patenana kang karone, Yen tan pinaten rabine, dudu hina kang nganunggoni hutang, yogya kawratana kang ngapiyutang, samulyaning pejah sakawit. Lan dendaha 15.000, hutange sirna tanningucap. Yen malih kang ngahutang, den pisuh dene kangngahing piyutang, hatawa den pala yen den taleni, sirna hutange tan kahucapa malih.

Yen malih hangilang-ngilang darbene kang ngapiyutang katempahana kang nganunggoni, sangungne kang ngical.

Hana wong paksa, hambeciki, pomahan, kubon, taman, kakalen, sawah, talaga, bengbengan, siwakan, salwir kang den bineciki. Den teda sukane kang ngaderbe, sampun kapihening. Yen mangkana hangrusaking kang mangkana, denda 2.000.

**HANA WONG NGAMIMINTA HAHULAH  
MALING SAJI  
HANANAWU SIWATAN  
MALING NGAYAM**

Hana wong ngamimiting hangulah, kang ngaderbe sawah, hangasungi, sampuning mangkana, wekasan tan hingngulah, heneng sawah punika. Sampuning mangkana kang ngadrebe sawah, hanagih bukti pari, sagunging ngulihana hing sawah Yen kadi, punika kangnga kawratana kang nganilih, sapapadane lan wong hamaling bukti. Hulihaning sawah, mulih sakawit denda 1.000.

Hana wong ngamamaling sarwa wiji, lan bubungkilan, lan sarwa yalya. Yen kalaning wengi, den.danya 4.000. Yen rahina hanikel ping tiga, samulyane kang kalap. Tanana denda.

Hana wong ngandampul kala rahina, sahulihe handampul, yogya hanikel ping tiga, samulyane, tanana dendanya kang mangkana.

Hana wong ngamamaling saji hing tuwuhan, hing kubang, sawawadah, samulyane kang ngical punika, tikel kena ping tiga, lan denda 400.

Hana wong ngananawu siwakan, hing kalaning wengi, yen kapanggih wenang pinejahan. Haja hingurip yennurip Denda 4.000

Hana wong ngamaling ngayam, yen wengiya, yen rahina yogya samulyane kang ngical, tikelakena ping kalih, lan dendaha 400. Yen kalaning wengi, kapanggih sinuduk hanuli pejah, tan kawicantenna.

## **MALING NGAYAM KURUNGAN**

### **MALING WEDUS**

### **MALING MEYONG**

### **MALING KEBO**

Muwah hana wong ngamamaling ngayam kurungan, hatawa hayam cinantang, hing kalaning wengi, yogya hangilenarie, samulyane kang ngical, hanikel. Lan denda 2.000. Yen kala rahina, Denda. 1.000.

Yenana hamamaling wedus, hatawa banyak, yen bebek, hing kala hing wengi, yogya hangilelana hanikel, samulyane kang ngical, lan kadendaha. 1.000. Yen rahina, Denda 500. Muwah sakehe kang paksi hingon-hingonan, yen den palingi, hangilenana sahajine nanikel. Lan kadendaha. 500.

Hana wong ngamamaling gagarangan, hatawa hasu, hangilelana hanikel, samulyane kang ngical, lan kadendaha. 400.

Hana wong ngamamaling kebo, hatawa sampi, hing kala rahina, hangilenana hanikel, samulyane kang ngical, lan dendaha 2.000. Yen wengiya, Denda. 4.000.

## **WONG SAHASA HANGRUSAK BABATARAN**

### **HANA WONG NGAMALING BUMI**

### **WONG NGAPEREBUT BUMI**

Hana wong sahasa, hangrusak warana, hangrusak babaturaning ngumah. Hamerang lawang. Hamerang kayu kekeran. Punika lwiripun, yen hangrusak babaturaning ngumah Yogya kadendaha 500. Lan babaturan kang rusak den becikaken kadi rumihin, wonten dene kang ngamirang, warana, saking rosane wong punika, yogya kawratana denda 2.000. Yenna mirang tura nangtang: kaprawiran. Denda. 4.000. Lan kang den rusak mulih habecik. Wonten dene kang ngamirang lawang, yenna saking rosane kadendaha. 2000. Yen sarwi hanantang,

denda 4.000 Kan den rusaki. hulehana habecik kadi ring nguni Wonten dene kang merang kayu. kayu keraning wong liyan. hora hangasung huninga. hingkang ngaderbe. yen den perang kewala. dudu den hamet. Denda. 2-000. Yen bakta muliti hing giryané. Denda 400. Yen hangrubuhaken Denda. 800. Sahhasa hangrusak krama haranya

Hana wong ngamamaling darbening wong tan katon. Tegese hamaling bumi. yenna nyalepit sawah. salwiring goning ngahulah. bukti. den salepit. Hatawa watesing dum-duman. hangalih-halih gagaduhan. salwir kang den gaduhi. Wekasan kinawruhan dene kang ngadrebe gagaduhan. Yen gagaduhane kahambil dening wong liyan, ya ta den pariksa hambakta wong ngakatah. hapan tuhu gagaduhane. Punika Yening pawicanten, hingkang mangkana, yogya kinembul patenana, maling bumi haranya. Yen luput pati dinenda. Denda hutama samadya. 8.000 Maling bumi surya harannya.

Hana wong ngaperebut bumi, hara-hara, halas, sawah, hana sapuluh jungke rinebut. Samya pradata, tanana harep kasoran, yenning pawicanten. Hing mangkana. Den sami kinenna memenen, lan pada luhuripu, den kon parengnga niba. Ya ta parengnga nibaning sarira, yen sami halnya, yogya pinarah dinuman. Yen salisih kemalati kel tangan sukene. Kalahena kang tikel tangena, lan hantuk pakantuk. 1.000. Lan kadendaha 2.400. Yen sami hengkel karone, mangka bumi kang den parebat mantuking dalem, lan kadenda kadi wahu punika. Sinalokan singa gana hangrebut mangsa haran.

Hana wong ngangaku lemah, kang rinebut lemah pagagan. Kang sasisih kinawruhan dening wong nakeh, yen tahu lemahe, kang kadya punika, yogya hangilenana sahisinning gaga, lan kadendaha. 1.200. Yuyu hing tangkilan haran.

## **BUMI KANG TAN KENA KADASA WARSA WONG NGAKARYA SAWAH**

Muwah bumi kang tan kena kadasa warsa. Pagagan, sawah, kubon. Punika kang tan ketemah hing kadasa warsa. Yen boyanana hing bumine, halawasaneng pengumbaran. Kalane haneng pengumbaran, tan dadinya hangaku bumi. Yen malih tetepa hing bumine, mantepa kadi rumihin.

Hana Wong ngakarya sawah. hing tegal. hing ngalas. hanging dudu lemahhipun. ya ta lami karuruh dene kang ngaderbe lemah. Yening karta. patut kang tan derbe lemah. hangulah pitung tahun. yen wus jangkep pitung tahun. mantuka maring kang ngaderbe lemah. Yen malih hana kadang wargane. sami milet haderbe lemah. yen mangkana lerese. sami tigang tahunna mupu buktining sawah. hapan sareng ngaderbe lemah.

## **WONG MALING MAHESA WONG NGAJINAH**

Hana wong ngamaling mahesa. yen jaran. yen sampi. hatawa wedus, haningnga haran. yenna hanjaluk harta. tan den wehi. den nambil, hamrakening haran. Yenna nendal keris, salwir gagaman den sendal, hambegal haran. Yen nora weh den suduki, salwir gagamane den nambil, hambegal padam haranya. yenna nendal keris hing lulurung. hangental haran. yenna nuduki hing pasar. hanjugar haran. Yenna mateni hing ngalas. den sabani godong. hanganggas haran Yenna ngalap dol-dolan hing pasar. den palayoni. hangutil haran. Yen rahinaha malavoni. salwir hisining ngumah. hanayap haran. Yen kalaning wengi haneambil duwening wong. salwiring ngarta den hambil, hamamaling haran.

Hana wong ngajinah lan rabining wong. yen sahacihna. dene hajinah. katrapaning raja denda 12.000. Lan panembas layon 1.000.

